

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kamampuh sawala dina pangajaran basa Sunda baris patali jeung kaparigelan siswa dina nepikeun pikiran atawa sawangan kalawan écés. Pikeun nepikeun éta pikiran téh diperlukeun kamampuh siswa dina ngagunakeun basa sacara éféktif jeung kamampuh nerapkeun palanggeran nyarita nu hadé. Tingkat kamampuh nyarita nu hadé téh merlukeun prosés.

Dina kanyataan sapopoé, réa siswa nu ngalaman masalah dina prakna pangajaran nyarita. Éta hal bisa kapaluruh tina peunteun nu aya dina posisi handapeun kriteria ketuntasan minimal (KKM). Leuwih legana, pasualan sarupa kitu bisa dipaluruh ogé tina jawaban siswa nalika ngaréspon pertanyaan lisan ti guruna.

Hasil tina observasi ka tilu puluh urang siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina prakna pangajaran sawala, katémbong yén mayoritas siswa ngalaman masalah. Éta masalah téh pangpangna mah nyampak dina teu mampuhna siswa nétélakeun sawanganana kana pasualan nu disawalakeun. Tina tilu puluh urang siswa téh ukur tujuh urang (21,2%) nu katémbong mampuh nétélakeun sawangan pribadina kana pasualan nu disawalakeun. Ari sésana nu dua puluh tilu urang (78,8%) katitén teu mampuh nétélakeun sawangan pribadina kana pasualan nu disawalakeun.

Teu mampuhna siswa dina nétélakeun sawangan pribadina kana pasualan nu disawalakeun téh aya sababna. Sabada dipaluruh ngagunakeun angkét, éta faktor téh pangpangna museur dina tilu pasualan sakumaha ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabél 1.1
Faktor nu Nyababkeun Siswa Teu Mampuh
Nétélakeun Sawangan Pribadina

No.	Faktor	%
1	Teu nyaho naon nu kudu ditétélakeun	19,2%
2	Ngarasa éra jeung sieun diseungseurikeun ku babaturanana	15,4%

3	Sieun salah	65,4%
---	-------------	-------

Dumasar kana tabél 1.1 di luhur, siswa teu mampuh nétélakeun sawangan pribadina dina sawala téh dilantarankeun ku tilu hal. Di antara éta tilu hal, nu pangréana disanghareupan ku siswa nyaéta ngarasa sieun salah (65,4%). Sésana, 19,2% alatan teu nyaho naon nu kudu ditétélakeun jeung 15,4% ngarasa éra nu béh dituna sieun diseungseurikeun ku babaturanana. Ku éta hal, atra pisan yén Standar Kompetensi Lulusan (SKL) aspék nyarita di SMA tangtu moal kahontal kalawan hadé.

Pikeun ngungkulan éta pasualan téh diperlukeun rupa-rupa tarékah. Salasahiji tarékah nu bisa diusahakeun di antarana patali jeung model pangajaran nu digunakeun dina prakna pangajaran sawala. Ku éta hal, model pangajaran kooperatif tipe *think pair and share* bisa dipraktékkeun. Pangajaran kooperatif mangrupa modél pangajaran nu bisa mantuan guru maparinan kalaluasaan ka siswa pikeun nerapkeun pangaweruh nu dipibandana. Prosés pangajaranana lumangsung alamiah dina kagiatan siswa digawé, ngalaman, niténan, jeung manggihan sorangan, lain mangrupa pangajaran dina wangun transfer pangaweruh ti guru ka siswa.

Tipe *think pair and share* dina pangajaran kooperatif ngalatih siswa pikeun mikir jeung silitukeur pikiran, boh jeung babaturan sabangku boh jeung sakelas. Kagiatan mikir jeung silitukeuran pikiran bisa ngundakkeun hasil diajar patali jeung ranah kognitif, sabab siswa salawasna diperedih pikeun ancrub dina prosés pangajaran sacara gembleg sangkan bisa ngajawab unggal pertanyaan dina sawala. Ciri pangpokona tipe *think pair and share* dina pangajaran kooperatif téh nyaéta tilu langkah nu dilaksanakeun dina proses pangajaran.

Ngaliwatan éta tilu proses, dipiharep:

- 1) siswa bisa ngamangpaatkeun waktu leuwih laluasa pikeun migawe tugasna jeung silitukeur pikiran jeung babaturanana, nu ahirna dipiharep jawaban siswa undak sacara kualitas jeung kuantitas;

2) guru ogé mibanda waktu jeung konséntrasi nu leuwih laluasa pikeun ngaregepkeun, niténan, jeung ngaréspon jawaban siswa, nepi ka engkéna dipiharep bisa méré pertanyaan liana nu leuwih luhur tingkatanana.

Panalungtikan perkara ngaronjatkeun kamampuh nyarita nu patali jeung pangajaran debat kungsi dilaksanakeun ku Arif Firmansyah (2010), judulna ”Éféktivitas Modél Debat Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita: Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011”. Éta panalungtikan miang tina masalah minat jeung kamampuh siswa dina pangajaran nyarita nu dicoba dironjatkeun ku cara digunakeunakeunana modél debat dina pangajaranana. Hasil panalungtikanana ngébréhkeun: 1) kurangna kamampuh jeung minat siswa dina pangajaran nyarita kalawan ngagunakeun basa Sunda nu bener; jeung 2) ronjatna hasil diajar siswa dina pangajaran nyarita nu ngagunakeun modél debat.

Salian ti panalungtikan nu museur kana masalah kamampuh nyarita dina debat, aya deuih panalungtikan nu patali jeung kamampuh nyarita lianna. Di antarana nyaéta “Métode Sugéstopédia pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Dongéng (Mochamad Angga Surya Kusumah, 2012), “Pamarekan SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*) pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Nyaritakeun Pangalaman: panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012” (Ratna Shinta Sukowati Suwato, 2012), jeung “Pengaruh Makéna Basa Indung di Lingkungan Kulawarga kana Préstasi Diajar Nyarita Basa Sunda Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung” (Fuji Arti Nugraha, 2008). Panalungtikan Mochamad Angga Surya Kusumah museurkeun paniténna kana kaparigelan nyaritakeun dongéng, ari panalungtikan Ratna Shinta Sukowati Suwato mah museurkeun paniténna kana kaparigelan nyaritakeun pangalaman. Panalungtikan Fuji Arti Nugraha teu museurkeun kana hiji kaparigelan nyarita nu tangtu, tapi patali jeung préstasi diajar siswa dina aspék kaparigelan nyarita sacara gembleng. Hasil éta tilu panalungtikan ngébréhkeun ronjatna kaparigelan nyarita sabada dilaksanakeun

pangajaran ngagunakeun Méthode Sugéstopédia jeung SAVI (*Somatis Auditori Visual Intelektual*), sarta ayana pangaruh nu signifikan pamakéan basa indung kana préstasi diajar nyarita.

Ieu panalungtikan béda jeung panalungtikan-panalungtikan nu ditataan di luhur. Salian ti modél pangajaranana, aspék kaparigelan nyarita nu ditalungtik ogé leuwih museur kana kaparigelan nyarita dina sawala. Dibandingkeun jeung panalungtikan Arif Firmansyah misalna, ébréh pisan bédana. Sok sanajan sarua masualkeun aspék nyarita dina sawala, aya bédana pangpangna dina puseur masalahna. Debat (sawala) dina panalungtikan Arif Firmansyah leuwih kana métode, ari dina ieu panalungtikan mah sawala téh jadi aspék kaparigelan nyarita nu ditalungtikna.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, perlu diayakeun panalungtikan. Ku kituna, ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan museur dina kagiatan panalungtikan tindakan kelas (PTK) ngeunaan “Model Pangajaran Kooperatif Tipe *Think Pair And Share* dina Pangajaran Sawala: Panalungtikan Tindakan Kelas di Kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Watesan masalah dina panalungtikan diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sangkan leuwih jéntré tur museur kana tujuan. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan ku dipuseurkeun kana panalungtikan tindakan kelas pangajaran sawala di kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung anu ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan tindakan kelas dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a) Kumaha kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala saméméh ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina prapanalungtikan?
- b) Kumaha persiapan, prak-prakan, panitén, jeung hasil réfléksi dina siklus I jeung II pangajaran sawala ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* di kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung?
- c) Kumaha kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina siklus I jeung II?
- d) Kumaha babandingan kamampuh siswa kelas X-A SMKN 1 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala saméméh jeung sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina siklus I jeung II?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sakumaha rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan tindakan kelas mibanda tujuan pikeun ngagambarkeun:

- a) kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala saméméh ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina prapanalungtikan;
- b) persiapan, prak-prakan, panitén, jeung hasil réfléksi dina siklus I jeung II pangajaran sawala ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* di kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung;
- c) kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina siklus I jeung II;
- d) babandingan kamampuh siswa kelas X-A SMKN 1 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala saméméh jeung sabada ngagunakeun Model Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina siklus I jeung II.

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan tindakan kelas dipiharep mere mangpaat, boh sacara tioritis boh sacara praktis, sakumaha di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan tindakan kelas dipiharep bisa dimangpaatkeun pikeun bahan dina milih cara nu éféktif dina ngajarkeun sawala jeung ngundakkeun kamampuh siswa dina nyarita.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan tindakan kelas dipiharep bisa dimangpaatkeun:

- a) pikeun prosés diajar-ngajar, bisa dijadikeun salasihiji tarékah ngareonjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra Sunda;
- b) pikeun guru, bisa dijadikeun alternative dina ngajarkeun sawala jeung ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nyarita;
- c) pikeun siswa, bisa dijadikeun pangalaman nyangking kamampuh nyarita utamana dina sawala; jeung
- d) pikeun sakola, bisa dijadikeun usaha ngaronjatkeun kualitas pangajaran;

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré tur teu lésot tina udagan panalungtikan, perlu aya watesan wangenan operasional nu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan, sakumaha ieu di handap.

1. Pangajaran Kooperatif

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pangajaran kooperatif mangrupa modél pangajaran nu bisa mantuan guru maparinan kalaluasaan ka siswa pikeun nerapkeun pangaweruh nu dipibandana. Prosés pangajaranana lumangsung alamiah dina kagiatan siswa digawé, ngalaman, niténan, jeung manggihan sorangan, lain mangrupa pangajaran dina wangun transfer pangaweruh ti guru ka siswa.

2. Tipe *Think Pair and Share* dina Pangajaran Kooperatif

Tipe *think pair and share* dina pangajaran kooperatif ngalatih siswa pikeun mikir jeung silitukeur pikiran, boh jeung babaturan sabangku boh jeung sakelas. Ciri pangpokona tipe *think pair and share* dina pangajaran kooperatif téh nyaéta tilu langkah nu dilaksanakeun dina prosés pangajaran. Éta tilu langkah téh nyaéta *think* (mikir individual), *pair* (badami jeung babaturan sabangku), jeung *share* (silitukeur jawaban atawa pikiran jeung babaturan sakelas).

3. Pangajaran Sawala

Sawala nyaéta ngabéla bebeneran dina kumpulan, parebut paham, tukeur pikiran, Sawala téh bisa disebut ogé debat nu asalna tina basa Walanda. Débat nyaéta perkara anu diparéntahkeun ku syariat pikeun nétélakeun anu *haq* (bener) jeung ngabatalkeun anu *batil* (salah). Dina pangajaran basa Sunda di SMA/SMK/MA sawala mangrupa salasahiji kompetensi dasar nu kudu dicangking ku siswa kelas X, nu kalibet dina aspék nyarita.

1.6 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan tindakan kelas di antarana ditétélakeun ieu di handap.

- a) Pangajaran sawala kaasup kana matéri poko nu aya dina Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar nu kudu dihontal ku siswa dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.
- b) Kaparigelan nyarita mangrupa salasahiji kaparigelan basa nu sipatna produktif.

- c) Pangajaran kooperatif mangrupa modél pangajaran nu bisa mantuan guru maparinan kalaluasaan ka siswa pikeun nerapkeun pangaweruh nu dipibandana, sabab proses pangajaranana lumangsung alamiah dina kagiatan siswa digawé, ngalaman, niténan, jeung manggihan sorangan, lain mangrupa pangajaran dina wangun transfer pangaweruh ti guru ka siswa.
- d) Tipe *think pair and share* dina pangajaran kooperatif ngalatih siswa pikeun mikir jeung silitukeur pikiran, boh jeung babaturan sabangku boh jeung sakelas.
- e) Tipe *think pair and share* dina pangajaran kooperatif ngawengku tilu léngkah, nyaéta *think* (mikir individual), *pair* (badami jeung babaturan sabangku), jeung *share* (silitukeur jawaban atawa pikiran jeung babaturan sakelas).

